

CHWAZI CHEMEN PA OU POU PREPARASYON

#2



Andedan Vwal Blan

Ready New York

Chwazi Chemen
Pa Ou pou Preparasyon



Andedan Vwal Blan

“Sophia. Sophia, reveye.”

Malgre ti kou frè li a t ap ba li, Sophia te vle redi kouvrela cho a anba manton li epi rete anba nan rèv li t ap fè a. Se yon jou samdi.

“Soph. An nou ale. Reveye ou.”

Sophia pa t louvri yon zye pou konnen kijan frè li a te pre li. Frè a t ap fè sa pandan tout tan an.


Sophia di anba zòrye a, “Al gade desen anime. Al anmède manman ou.”

“Men nèj la!”

Mo nèj la te pase byen vit nan tèt Sophia. Sophia te louvri yon zye epi li te wè yon ti souri kwaze nan figi frè li a.

Li di konsa, “Wi, gen nèj. Gen yon tanpèt nèj deyò a!”

Sophia te fèmen zye li ankò epi li te woule li ankò, men menm avèk zye li fèmen, li te kapab di limyè ki nan chanm li a pa t nòmal. Li te pi nwa ak pi blan pase yon samdi maten nòmal nan sezon livè. Li te louvri zye li epi li te kanpe. Li pa t kapab kwè sa li te wè a—ak sa li *pa t kapab* wè a. Li pa t kapab wè do kay nòmal yo, bilding toupre yo, oswa pon ki lwen yo. Li pa t kapab wè nyaj yo oswa solèy la oswa menm lapli a oswa bwouya a. Si li te pliye zye li, li te kapab wè fòm bilding yo konsa-konsa ak do kay yo, men li te prèske wè nèj sèlman. Gwo flokon nèj ki t ap danse t ap pase.



Sophia te mande, “Èske ou te montre manman mwen?”

“Non. Li pa isit la.”

“Pa isit la? Joey, kisa ou vle di li pa isit la? Èske ou te reveye li tou oswa èske ou pa t reveye li?”

Li di konsa, “Non. Paske li pa t isit la.”

Pafwa Sophia te remake ti frè li a te egzajere nan sa li t ap di. Li te retire kò li anba kouvrela cho a epi li te regrèt sa imedyatman. Joey te rebondi ant yon fenèt ak yon lòt fenèt. Nan pijama ble elektrik li, li te sanble avèk yon boutèy zèklè.

“Gen nèt lòtbò a. Gen nèt lòtbò a. Ak nèt lòtbò a!”

Pandan Sophia t ap mache pou ale nan chanm li, li te swete li te chèche pantouf li. Plancha a te glase tankou glas. Epi avèk chap pa li fè pou sòti sou kabann nan, li te vin remake apatman an te frèt yon fason li pa t abitye wè.

Sophia rele pandan li te prale nan chanm manman li, “Manman, di Joey pou kite mwen an repo.”

Kabann manman Sophia te ranje.

Joey di konsa, “Mwen te di ou sa.”

Sophia te mache pou pase nan kuizin ki vid la avèk ti frè li ki t ap swiv li. Li t ap chante yon chanson. Tout mo ki nan chante a se te *nèj*—“Nèj, nèj, nèj, nèj.”

Sou kanape ki nan salon an, Sophia te wè yon ti fi ki gen kèk ane anplis li. Li te vlope nan kouvrela foubòl fanmi an epi li te pase chèn yo nan televizyon an byen vit.

Chante nèj Joey te fini. Li di konsa, pandan li t ap sote sou kanape ki akote etranje a, “Li konnen kote manman ye.”

“Sophia te mande pandan li t ap fwote zye li, “Kimoun ou ye?”

“Se mwen, Olive. Mwen rete nan pwent koulwa a.” Olive te pran yon ti repo pandan Sophia t ap sonje. *Olive! Sètènman*, li te panse. Li pa t bèl ditou pou Sophia pa t rekonèt vwazen li. Dènye fwa Sophia te wè Olive, cheve Olive pa t gen koulè woz fonsè.

Olive di konsa, “Manman ou te al ede grann ou. Machin grann ou bloke nan nèj. Ou kapab retounen sou kabann ou si ou vle. Li di konsa li ta renmen retounen nan kèk minit.”

Sophia di konsa, men li kanpe answit, “Oh, oke.” Rete tann. Li ta retounen nan kèk minit? Kilè li te di sa?”

Olive redi bra Sophia kont volonte li anba kouvrela a. Yon kote nan ponyèt Sophia, pami anpil douzèn braslè, li te jwenn mont li a.

Li di konsa, “Nan apeprè inèdtan.”

Retounen nan kèk minit. Men se te depi inèdtan? Yon bagay pa t fèt. Sophia te panse li te kapab retounen al dòmi epi reveye lè manman li te nan kay la oswa li te kapab abiye—li epi mete chosèt cho nan pye glase li—yo epitou revize plan-dijans fanmi li pou sa li dwe fè si gen yon tanpèt nèj.

SI SOPHIA DESIDE RETOUPEN SOU KABANN LI, ALE NAN PAJ 6.

SI SOPHIA DESIDE AL ABIYE LI EPI REVIZE PLAN-DIJANS FANMI LI, ALE NAN PAJ 8.

SOPHIA DESIDE RETOUNEN SOU KABANN LI.

Pandan Sophia t ap mache pou retounen sou kabann li, li te tande yon anons ijan ki te sispann kèlkeswa sa Olive t ap gade nan televizyon an. Li te tande pawòl tankou *rekò*, *tanpèt nèj*, *blakawout*, ak *andedan*. Se te plis pase li te gen pou te enkyete. Li te sèlman vle retounen anba kouvreli cho li yo.

Sophia te rantre andedan kouvreli li a sèlman nen li ki te parèt deyò. Yon son tankou yon moun k ap rele delwen te fè li sonje yon tanpèt nèj t ap frape deyò a, men nan yon ti tan manman li ta rive lakay li epi se ta yon samdi nòmal ankò. Pètèt manman li ta prepare krèp pou manje.



Sophia rekòmanse ap dòmi ankò, men se pa t yon dòmi pou li repoze tankou anvan. Li te deranje avèk van k ap soufle epi k ap souke fenèt yo. Epi li pa t cho ak rilaks ankò. Kounye a, li pa t kapab sanble cho ankò.

Sophia te louvri zye li. Li te jwenn Joey k ap gade li ankò. Fwa sa a, li t ap tranble epi kenbe chat yo a, Mesye Whiskers.

Li di konsa, “Blakawout. Chofe mwen,” avèk yon vwa ki t ap tranble tankou jan li te sote anba kouvrela ki toupre li a. Pye li te tankou blòk glas.

Sophia te mande, “Pa gen desen anime?”

“Kab la pa t fonksyone, epi nou pa t gen kouran de tout fason.”

Sophia di konsa, “Ebyen Joey-pye-glas, mwen panse moman an rive pou nou leve, pou abiye avèk rad ki pi cho nou yo, epi pou nou metrize sitiyasyon freda sa a. Ale nan chanm ou epi jwenn rad cho ou pi renmen yo. Chosèt epè, pantalon cho, kèk chemiz manch long oswa yon kagoul oswa toulède, oswa chanday Granma Mame te ba ou pou dènye fèt Nwèl la.”

“Yuck. Non!”

“Yuck, wi Li ka lèd, men mwen parye li cho. Depi nou abiye, n ap gen pou chèche konnen sa pou nou fè.”

KONTINYE NAN “ISTWA A AP KONTINYE” NAN PAJ 10.

**SOPHIA DESIDE ABIYE EPI REVIZE PLAN-DIJANS
FANMI LI.**

Sèlman nan pwen sa a, kèlkeswa sa li te ye a Olive t ap gade epi li te deranje avèk yon anons ijan. Youn nan pèsonalite metewoloji televizyon lokal te parèt nan ekran an, dan li te blan menm jan ak nèj ki t ap fè toubiyon deyò a. Li te sonnen tankou jan li te toujou amizan.

Metewològ la di konsa, “Ebyen sètènman nèj ap tonbe deyò a.”


Olive di konsa avèk yon souri meprizan, “Mwen swete y ap peye li anpil lajan. Li entèlijans anpil.”

Metewològ la kontinye pou di, “Minisipalite Vil la rekòmande pou tout moun rete kote yo ye a, pou yo pranabri anplas, epi pou yo pran tout prekosyon pandan gwo evènman nèj sa a. Lari a anpile avèk nèj k ap soufle epi k ap monte. Nou kòmanse resevwa rapò blakawout.”

Olive di konsa, “Kisa pou nou fè mesye nan yon sitiyaasyon konsa?”

Anjeneral, manman mwen voye mwen nan boutik pou achte lèt ak pil.”

Sophia te panse sou sa pandan yon moman. Limenm ak manman li te diskite sou kalite bagay sa a. Ansanm, yo te fè yon plan-dijans epi yo te mete yon twous rezèv pou ijans ansanm. Twous la te gen tout sa yo ta bezwen pou siviv pandan plizyè jou nan apatman yo. Ouragan, tanpèt nèj, blakawout pa t fè yo pè. Yo te pare.



Sophia anonse, “Oke. Men sa mwen panse nou ta dwe fè. Joey ak mwen bezwen abiye avèk rad ki pi cho nou yo. Reflechi sou chosèt epè, pantalon cho, soulye oswa djakèt cho. Nou bezwen pare pou sizoka gen blakawout epi si nou pa gen chofaj. Answit, mesye nou bezwen ede mwen retire twous rezèv pou ijans lan nan dèyè gadmanje a. Nou tout ap anfòm. Olive, mwen gen djakèt anplis ou kapab prete.”

Epi answit te gen blakawout. Apatman an te an silans toudenkou. Te gen sèlman bwi tik-tak òlòj antik la sou etajè a ak yon *myaw* Mesye Whiskers, chat Joey, yon kote nan kuizin nan.

KONTINYE NAN “ISTWA A AP KONTINYE” NAN PAJ 10.

ISTWA A KONTINYE.

Nan yon ti tan apre, Sophia te abiye epi li te gen flach li nan men li. Li te ale nan gadmanje kuizin nan avèk Olive epi li te jwenn twous rezè pou ijans limenm ak manman li te mete ansanm. Lè yo te louvri twous la, Olive te enpresyone.

“Sa gen tout sa nou bezwen toutbon, pa vrè?!”

“Manman mwen pa vle pou nou pa pare. Nou te deside mete sa ansanm yon fason pou nou te kapab rete nan apatman an pandan prèske yon semèn san nou pa gen pou te sòti deyò. Nou te jwenn yon radyo ki fonksyone avèk manivèl, kouvrela pou ijans, manje ak dlo. Gen manje menm pou Mesye Whiskers.”

Olive di konsa, pandan li t ap gade nan twous rezè pou ijans lan, “Fanmi mwen pa gen tout bagay sa yo. Sa a se yon bon lide. Gade, ou gen dlo, tout kalite manje ki fasil pou prepare bwat manje, yon kle pou louvri bwat, pil, ak yon twous ki gen atik pou premye swen.”

Kouran te retounen epi te gen blakawout ankò. Joey te sote sou jenou Sophia epi li te pase men li sere nan kou Sophia.

“Mwen vle manman!”

Joey te pale nan zòrèy nan kou Sophia.

Sophia mande, “Èske ou panse nou ta dwe sòti pou al chèche li?”



SI SOPHIA AK OLIVE DESIDE SÒTI POU AL CHÈCHE MANMAN, ALE NAN PAJ 11.

SI SOPHIA AK OLIVE DESIDE LI TWÒ DANJERE POU SÒTI POU AL CHÈCHE MANMAN, ALE NAN PAJ 13.

SOPHIA AK OLIVE DESIDE SÒTI POU AL CHÈCHE MANMAN.

Joey di konsa pandan touletwa t ap gade apatman ki dèyè yo a, “Sa sanble yon misyon sekou. Se tankou nou se Navy SEALs oswa yon bagay.”

Sophia di konsa, pandan l ap peze bouton asansè a, “Ou se yon enbesil.

Avèk yon souri, Olive di konsa, “Um, alo? *Li se* yon enbesil?”

Egzakteman ki elektrisite ki pral monte asansè sa a anlè pou nou, Sophia?” Pandan Sophia ap louvri pòt eskalye a, li di konsa, “Nou gen pou monte eskalye yo, mesye.”

Desann eskalye yo pa t pral fasil. Avèk blakawout ki genyen an, limyè pou ijans lan ap limen nan fènwa a apèn.

Joey di konsa, “Sa bay chèdepoul.

Olive di konsa, “Nou te dwe retounen pou pran yon lòt flach. Mwen pral tonbe nan anpil pwoblèm avèk manman ou poutèt sa.”

“Tout bagay pral oke. An nou rete ansanm epi an nou eseye bloke limyè a.”

Sophia te alatèt chemen an san laperèz. Yo te dwe desann yon etaj, avèk 11 lòt ankò, lè Sophia te kenbe bòt li nan janm pantalon li, li te pèdi ekilib li, epi li te tonbe di sou jenou ak ponyèt li. Olive rele, “Sophia!”

Sophia rele avèk doulè, “Ouch!”

Olive ak Joey te jwenn Sophia chita sou etajè a, kouvri ponyèt dwat li avèk lòt men li.

Joey di konsa, “Soph, Soph, èske ou oke?”

“M ap oke, Joey.

Mwen te tonbe sou ponyèt mwen yon jan di, men m ap oke. Sa fè mwen santi tankou lè mwen te tonbe nan jwe baskètbòl. Pa gen mal nan sa...”



Olive di konsa, “Se sa li ye mesye. An nou tounen. Nou pa te dwe janm kite apatman an. Nou pi an sekirite pou rete kote nou te ye a.”

Touletwa te vire epi yo te monte eskalye yo pou ale nan apatman an. Yo te kite tèt yo andedan an epi answit yo te kanpe youn ap gade lòt. Kisa yo ta dwe fè kounye a?

**ALE NAN SEKSYON “SOPHIA AK OLIVE DESIDE LI TWÒ
DANJERE POU SÒTI POU AL CHÈCHE MANMAN” NAN PAJ 13.**

**SOPHIA AK OLIVE DESIDE LI TWÒ DANJERE POU
SÒTI POU AL CHÈCHE MANMAN.**

Joey di konsa, “Mwen vle Manman.”

Sophia di konsa, pandan l ap gade twous rezèv pou ijans lan epi pandan l ap montre nouy ki pare pou manje, “Pa gen pwoblèm, Joey. Mwen la. Nou jwenn Olive. Epi nou jwenn manje ki frèt toutbon.”

Olive di konsa, “Pa enkyete ou, ti gason. Se tankou yon avanti san nou pa ale okenn kote. Se yon avanti rete nan kay.”

Li vire zye li.

Sophia di konsa, “Li gen rezon. Reflechi sou sa. Kijan nou ta menm jwenn manman si nou te sòti nan sa a?”

Olive di konsa, “Mwen gen yon lide, Joey. Mwen pa konnen pou kisa mwen pa t panse sou sa pi bonè!” Telefòn selilè mwen toujou ap fonksyone. An nou voye yon tèks ba manman.” Olive kenbe telefòn li.

Joey te vini nan fenèt la epi li kontinye ant Olive ak Sophia. Li te pran pifò kouvrelì Olive te vlope kò li ladan.

Sophia di konsa, pandan l ap antre nan kouvrelì ki toutotou Joey, “Epi pandan nou toulède ap fè sa, m ap sòti yon jwèt damye pou nou jwe.

Olive mande “Mwen tape ‘Manman, kote ou ye? Èske tout bagay oke? Nou oke epi n ap tann ou. Voye tèks ban nou tou. Sa a se telefòn Olive. ‘Joey ak Sophia.’ Èske sa sonnen byen?”

Joey di konsa, “Voye li.”

Olive ak Sophia dakò yo ta dwe bay manman Sophia tan pou reponn. Pa t gen bezwen pou enkyete si li pa t reponn touswit. Telefòn li te kapab nan bous li. Li ta ka pa tandè li si van an te lou. Li ta ka gen gan an men li. Joey dakò tou, epi Sophia te soulaje pou wè frè li rilaks enpe. Yo te bay kouran an pandan yon ti tan, men te vin gen blakawout ankò.

Sophia di konsa, pandan l ap louvri chwa yo pou li kapab chwazi, “Sanble se pi bon moman pou yon jwèt damye!”

Nan menm moman, telefòn Olive t ap bipe. Se te yon repons nan tèks yo.

“Mwen a kèk blòk avèk kay la. Tout bagay oke. Li difisil pou tape nan lèn. Avèk lanmou, Manman.”

Olive ak Sophia kite Joey chwazi premye jwèt la pou jwe—epi, sètènman, li te chwazi sa li te gen plis chans pou genyen an. Men, apre kèk pati, li te remake gen yon bagay ki te toujou pa bon.

Lite mande,
“Konbyen tan dezoutwa blòk ap pran?”

Nan menm moman an, yo te bay kouran an ankò.

Joey te sijere, “Nou ta dwe ale nan lòbi a pou rete tann manman.”

Sophia di konsa, “Mwen sipoze nou kapab fè sa.”

Olive di konsa, “Pètèt nou pa ta dwe deplase.” “Kouran an retounen. Apatman an ap chofe nan yon ti tan. Nou an sekirite isit la.”



SI YO DESIDE ALE NAN LÒBI A, ALE NAN PAJ 15.

SI YO DESIDE PA SÒTI NAN PAJ 16.

YO DESIDE ALE NAN LÒBI A.

Joey te prese ale nan pòt la anvan. Li te vle wè manman li prese-prese. Olive pa t sètèn yo te pran bon desizyon an. Pandan Olive t ap fèmèn pòt apatman an, Olive di Joey ak Sophia yo toulède te bezwen rete youn akote lòt.

Olive di konsa, “Tanpèt la pa menm sipoze rive grav konsa jouk pita apremidi a. Se pa menm moman pou repa midi. Nou toujou bezwen pran prekosyon nou.”

Sophia reponn, “Ou responsab anpil pou yon moun ki gen cheve woz.”

Joey t ap peze bouton asansè a san rete.

Li di konsa, “Tank ou peze li, tank li prale vit. Se yon reyalite syantifik.”

Sophia di konsa, “Sètènman, se sa.”

Yon ti sonèt te sonnen. Asansè a te rive. Men sèlman pandan pòt yo louvri dousman, te gen blakawout yon fwa ankò. Yon lòt pi gwo sonèt andedan asansè a te sonnen. Olive te kenbe Joey pandan li te apeprè nan mach asansè a. Li redi li tounen.

Sophia di Olive, “Ouf! Refleksyon rapid.”

“An nou ale, nou toulède. Retounen nan apatman ou. Mwen te konnen nou te dwe rete kote nou te ye a.”



YO DESIDE PA SÒTI.

Touletwa t ap jwe yon jwèt damye youn apre lòt. Pandan yo te sèlman kòmanse yon jwèt chekè, yo te tandè kle nan seri pòt la, epi Sophia ak manman Joey t ap antre nan pòt la avèk grann yo.

Li te mande avèk yon souri, “Kimoun ki vle sòti nan nèj la?”

Joey ak Sophia te kouri sou manman yo epi yo prèske lage li atè akòz fason yo t ap anbrase li.

Olive di konsa,
“Mwen panse yo te sonje ou.”

“Manman yo di konsa, pandan li t ap pran Joey pou anbrase li, “Kisa ki lakòz ou di sa?” Li te anbrase jou Sophia. “Olive, mwen pa kapab di ou mèsè ase. Ou te ede mwen toutbon jodi a. Nèj sa a pa bon ditou!”

Tankou se sa li t ap tann, Joey te kòmanse chante chanson “nèj, nèj, nèj” li a. Fwa sa a, li te chante li fò epi avèk lajwa, ak kèk kontan, paske tout moun te nan kay la an sekirite.

